www.nohchalla.com

# Теркаца суьйре.

Теркаца суьйре ю хаза еана,
Жима к1ант хи йисте йо1 ган веана,
Безамо шен кийра ц1е латийна.
Исбаьхьчу аматах лаам хьегош,
2р Лаьтта йо1 мела хи б1аьргех 1енош,
Шен даго хьулдинарг к1антах леч1къош.

Эсала, ховха дог доьхна дайна,
Вистхили жима к1ант синтем байна.
Ала, йо1, х1у бала хьоьга кхаьчна?
Бала бу сан коьртехь доза доцуш:
2 р Сан наха хьо везар дита боху.
Сан кхоллам кхечуьнца бовзар лоьхуш.

Тахана са готта ма хьийза х1ай,
Кхолламан дай хила хьакъ деца вай.
Ширачу 1адат да ма хилалахь.
Дай хаза г1иллакх ду вайх нах динарг,
2 р Харц эшо, нийсона некъ 1амийнарг.
Хьо соьца д1айола ас лиринарг.

Къоналлийн ирс доло дешнаш хезна,
Хьомсарчу безамца дахар дезна,
Т1етайра хаза йо1 б1аьрхиш лекъна.
К1ента куьг кхетаза куьг схьалаьцна,
2 р Х1усаме боьду некъ юьхьар лаьцна,
Акхтаргийн 1индаг1ехь уьш д1абайра.

Create PDF files without this message by purchasing novaPDF printer (http://www.novapdf.com)